

No. 153

DEKRE EGZEKITIF

DEKLARE YON KATWASTWÓF NAN KONTE BRONX, KINGS, NASSAU, NEW YORK, ORANGE, PUTNAM, QUEENS, RICHMOND, ROCKLAND, SUFFOLK, AK WESTCHESTER, AK NAN ZÓN KI TOUPRE YO

ALÓSKE, nan oswa apeprè vè 23 Janvyè 2016 ak kontinye annaprè, kondisyon ivè danjere ki egziste nan Vil New York, Long Island, ak plizyè lòt konte akòz de yon Nor'easter ki afekte rejyon an nan plizyè lòt eta. Yo prevwa total nèj kap tonbe ap 18 a 24 pou nan Vil New York ak Long Island avèk posibilite pou kondisyon tanpèt nèj. Inondasyon modere sou kot la nan Long Island pandan wo mare a egalman posib avèk vitès van ant 30 ak 40 milalè ak rafal van jiska 55 milalè sa ki kapab koze pann kouran toupatou. Noreaster sa ka afekte Eta New York epi poze yon danje iminan pou transpòtasyon piblik enpòtan, sèvis piblik, ak sistèm sante ak sekirite piblik nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, ak Westchester, ansanm avèk zòn avwazinan yo; e

ALÓSKE, evènman sa koze pann kouran toupatou, ewozyon ak inondasyon kotyè modere ak grav, ka andomaje kay, apatman, biznis, ak pwopriyete piblik ak prive, andomaje ak derasinen pyebwa, epi kontinye poze yon menas pou sekirite ak sante piblik la;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, konstate gen yon sitiyaasyon dezas kap rive prese prese kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. Touftwa, konfòmman a otorite ke Konstitisyon Eta New York invest nan mwen ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, mwen deklare la yon Eta Dijans Katastwòf apati 23 Janvyè 2016 nan fwontyè teritwa konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, ak Westchester, ansanm avèk nan zòn avwazinan yo, e

ANSWIT, konfòmman a Seksyon 29 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, Mwen mande enplemantasyon Plans Jesyon Ijans Konplè Eta ak otorize, apati 23 Janvyè 2016, Biwo Jesyon Ijans Eta, Depatman Sante, Depatman Transpòtasyon, Divizyon Lapolis Eta, Divizyon Militè ak Afè Naval, Depatman Konsèvasyon Anviwonman, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Komisyon Sèvis Piblik, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife, Depatman Travay, Biwo Park, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik, Biwo Sèvis Jeneral, Inivèsite Eta New York, Thruway Authority, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans, lòt ajans yo nan Eta jan sa nesesè, ak Kwawouj Ameriken pou pran aksyon apwopriye pou pwoteje Pwopriyete Eta ak pou ede gouvènman lokal ki afekte yo ansanm avèk moun yo pou reponn a epi rekipere de katastwòf, ak pou bay lòt kalite èd jan sa nesesè pou pwoteje sante ak sekirite piblik la.

ANPLIS, deklarasyon sa satisfè kondisyon 49 C.F.R. 390.23(a)(1)(A), ki bay soulajman nan Pati 390 jiska 399 nan Règleman Federal sou Sekirite Transpòtè Veyikil [Federal Motor Carrier Safety Regulations (FMCSR).] Kalite soulajman sa ki soti nan FMCSR nesesè pou akselere mouvman ekip restorasyon kouran elektrik nan Eta New York.

ANPLIS, deklarasyon sa satisfè kondisyon Lwa Egzekitif 29-g, ki otorize itilizasyon Asistans Jesyon Ijans Konpak ak satisfè kondisyon Lwa Egzekitif 29-g(3)(c).

ANSWIT, Mwen te chwazi Komisè John Melville, nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans, kòm Ofisye Kowòdonatè Eta pou evènman sa.

ANSWIT, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, pa vèti otorite ki investi nan mwen pa Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou sispann tanporèman dispozisyon nenpòt stati, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan, de nenpòt ajans pandan yon katastwòf ijans Eta, si konfòmite avèk kalite dispozisyon sa ta anpeche, prevni oswa koze reta nan aksyon ki nesèsè pou fè fas avèk katastwòf la, tanporèman sispann la, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa jiska 25 Janvyè 2016, lwa ki annaprè yo:

Seksyon 38(1), (2) ak (3) nan Lwa sou Otowout ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik, nan limit ke Komisè Transpòtasyon an detèmine li nesèsè pou otorize prim pou kontra ijans ak/oswa pou konbine plan ak sèvis konstriksyon nan kontra yo ak pou itilize kalite sèvis sa yo lè li nesèsè;

Seksyon 9(2) ak (4) nan Lwa sou Bilding Piblik ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik nan limit Komisè Sèvis Jeneral detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra ijans ak/oswa pou konbine plan ak sèvis konstriksyon nan kontra yo ak/oswa pou itilize kalite kontra ak sèvis sa yo lè li nesèsè nan yon limit ki depase sis-san mil dola;

Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta, nan limit ke Komisè Sèvis Jeneral oswa Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans detèmine li nesèsè pou achte manje, founiti, sèvis, ak ekipman oswa founi oswa bay plizyè sèvis santralize, enkli men ki pa limite a, konsepsyon bilding ak sèvis konstriksyon pou ede gouvènman lokal ki afekte yo, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa nan Eta pou reponn a epi rekipere nan ijans katastwòf.

Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta, nan limit konsistan avèk Atik V, Seksyon 1 nan Konstitisyon Eta, ak nan limite ke Komisè Sèvis Jeneral la Komisè Biwo Sante Mantal, Komisè Biwo pou Moun ki gen reta nan Devlopman, Komisè pou Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik detèmine li nesèsè pou ajoute travay anplis, sit ak tan pou kontra Eta, pou bay prim kontra ijans oswa prim lwaye pou relokasyon ak operasyon sipò Eta dapre lwa nan seksyon 3 sou Bilding Piblik, pou bay prim kontra ijans dapre lwa nan seksyon 9, pou bay kontra ijans pou sèvis pwofesyonèl dapre seksyon 136-a nan Lwa sou Finans Eta, ak pou bay kontra ijans pou komodite, sèvis, teknoloji ak materyèl konfòmeman a Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta;

Seksyon 136-a nan Lwa sou Finans Eta, nan limit kote Komisè Sèvis Jeneral la detèmine li nesèsè pou konbine konsepsyon ak konstriksyon sèvis nan yon kontra ak/oswa pou jwenn konsepsyon ak sèvis enspeksyon konstriksyon;

Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik, nan limit pou otorize Komisè Sèvis Jeneral la, Komisè Biwo Sèvis Mantal, Komisè pou Moun ki gen reta nan Devlopman, Komisè nan Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik pou achte komodite ki nesèsè, sèvis, teknoloji ak materyèl san avi standa ki annaprè yo ak pwosesis akizisyon; e

Atik 8 nan Lwa sou Konsèvasyon Anviwonman, ak Pati 15 nan Tit 17 ak Pati 617 nan Tit 6 nan Kòd New York sou Règ ak Règleman, nan limit ke Komisè Sèvis Jeneral, Komisè Biwo Sèvis Mantal, Komisè pou Moun ki gen reta nan Devlopman, Komisè nan Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik detèmine ke travay la nesèsè touswit pou ranplasman, reyabilitasyon, oswa rekonstriksyon strikti; e

Pati F nan Chapit 60 nan Lwa 2015, nan limit pou otorize Komisè Transpòtasyon oswa Sèvis Jeneral pou atribye prim konsepsyon-konstriksyon ak pi bon valè kontra san pwosesis akizisyon pwoskri ki annaprè a.

ANPLIS, Mwen modifye la tanporèman, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa jiska 25 Janvyè, 2016 lwa ki annaprè yo:

Seksyon 24 nan Lwa Egzekitif; Seksyon 104 ak 346 nan Lwa sou Otowout; Seksyon 1602, 1630, 1640, 1650, ak 1660 nan Lwa sou Trafik ak Veyikil; Seksyon 14(16) nan Lwa sou Transpòtasyon; Seksyon 6-602 ak 17-1706 nan Lwa sou Vilaj; Seksyon 20(32) nan Lwa Jeneral sou Vil la; Seksyon 91 nan Lwa sou Dezyèm Klas Vil yo; Seksyon 19-107(ii) nan Kòd Administrasyon Vil New York; ak Seksyon 107.1 nan Tit 21 nan Kòd New York, Règ ak Règleman nan limit ki nesèsè pou bay Gouvènè a otorite pou règleman te trafik ak mouvman veyikil sou wout yo, otowout, ak ri yo.

F È T anba men m avèk so prive Eta nan Vil Albany
venn-twazyèm jou nan mwa Janvyè nan
ane de mil sèz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a